



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN BARGAIN GROCERY NAN KAD PWOJÈ DEVLOPMAN FLANIGAN SQUARE 75 MILYON DOLA POU UTILIZASYON MIKS LA NAN TROY**

*Ak premye faz la ki fini, nouvo makèt la pral ede konbat ensekirite alimantè lokal la*

*Pwojè River Street la ki sou pye pou kreye 72 etablisman ki gen revni miks ak 123 kay pou granmoun aje*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a fini 20,000 pye kare Bargain Grocery a, yon makèt abòdab ki sitiye nan 558 River Street, ki reprezante premye faz nan devlopman 75 milyon dola Flanigan Square pou itilizasyon miks sou River Street nan Troy, Konte Rensselaer. Devlope pa First Columbia, pwojè a kouvri twa bilding epi li pral genyen plis pase 200 inite lojman, ki gen ladan lojman pou moun ki pa gen anpil revni ak lojman pou granmoun aje ak plis pase 40,000 pye kare espas komèsyal. Sitiye nan distri Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Troy la, pwojè transfòmasyon an pral ede adrese defi lokal tankou lojman ak ensekirite alimantè nan youn nan zòn resansman ki gen plis detrès sou plan ekonomik nan Rejyon Kapital la epi kreye yon destinasyon sou litoral la ki pral ankouraje kwasans ak devlopman rejyonal.

"Fè Bargain Grocery se yon lòt fason n ap abòde dezè manje nan kominote nou yo, epi Flanigan Square reprezante kalite redevlopman n ap fè efò pou li k ap transfòme sant vil nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè envèstisman nan devlopman tankou sa a, administrasyon mwen an ap ede ogmante rezèv lojman an, abòde pwoblèm ki dire lontan tankou ensekirite alimantè, epi kreye katye dinamik ki vibwan nan tout Eta New York ki pral ede fè ekonomi rejyonal la vanse pou pi devan."

"Selebrasyon jodi a nan kad finisman Bargain Grocery a se yon etap enpòtan ki pral ede asire manje ki bon pou sante yo disponib nan North Troy", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Epi tou, li pral mennen nou nan yon etap pi pre lojman ak sèvis aksesib abòdab ki pral sèlman ede ranfòse kominote nou yo."

Bargain Grocery te premye lanse akòz mank aksè ak manje nan zòn West Utica. Diriej pa Compassion Coalition, yon òganizasyon san bi likratif k ap sèvi Utica ak New York

Santral, li te elaji Bargain Grocery li a nan Rejyon Kapital la. Karant pousan nan tout manje nan Etazini yo gaspiye chak ane, pliske manje ki bon ak manjab yo jete akòz zafè estetik, pwoblèm anbalaj, oswa move kòmand. Bargain Grocery ofri bon jan kalite manje ki an sante ak pri abòdab nan yon rejyon ki gen ensekirite alimantè pandan y ap travay tou pou konbat gaspiyaj manje. Compassion Coalition tou bay asistans finansye diskre pou moun ki nan bezwen. Compassion Coalition te fè patenarya ak kiltivatè, distribitè, ak gwo donatè antrepriz pou pote aksè manje nan kominote yo pou konbat gaspiyaj manje, epi lajan ki soti nan magazen an pèmèt yo bay plis pase 50 milyon dola nan machandiz yo bay chak ane epi sèvi plis pase 350,000 moun chak ane.

Pwojè Flanigan Square la chita nan ekstremitè nò zòn Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi Troy, ki te akòde an 2021. Distri Riverwalk DRI konpak la gen yon gwo pati nan resous atistik, kiltirèl, ak amizman vil la, ki gen ladan plis pase yon rivaj ki apeprè de kilomèt edmi. Nan kad prim 10 milyon dola, yo te chwazi 11 pwojè total pou finansman, ki fèt pou amelyore sèn kiltirèl ak atistik dinamik li, posibilite pou mache ak koneksyon, opòtinite lojman ak sèvis kominotè

Transfòmasyon Flanigan Square a gen ladan twa lokal - 547, 549 ak 558 River Street - nan Anba Lavi Troy. Nan 547 River Street, pwojè a gen ladan yon konvèsyon 68,000 pye kare espas biwo nan 72 inite rezidansyèl – plis pase mwatye nan yo pral deziyen inite pou moun ki gen revni fèb yo. Lòt renovasyon enteryè ak eksteryè pral kreye plis pase 40,000 pye kare espas komèsyal, ak plan pou yon miray an wòch pou eskalad eksteryè epi ki vitre ak yon sal jimnastik. Lòt travay sou sit gen ladann chemen pou pyeton, estasyon rechaj veyikil elektrik, ak pakin amelyore. Akote nan 549 River Street, First Columbia ap planifye pou konstwi yon etablisman lojman pou granmoun aje k ap gen 123 inite.

Pwojè 75 milyon dola a ap sipòte pa jiska 6.7 milyon nan sibvansyon Empire State Development (ESD), ki gen ladan 3 milyon dola nan fon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Kapital la. ESD te bay pwojè a tou jiska 9 milyon dola nan Nouvo Kredi Enpo pou Mache a, ki fèt pou ankouraje devlopman kominotè nan zòn ki gen revni ki fèb yo nan eta a. Anplis de sa, Vil Troy ap kontribye 400,000 nan alokasyon Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan ACT, ARPA) an. Pwojè a pral kreye nèf djòb, epi li prevwa jenere plis pase 120 djòb endirèk lokalman.

**Sekretè Deta Eta New York la, Walter T. Mosley, te deklare,** "Finisman Bargain Grocery bati sou momantòm Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi Troy la pou bay rezidan ki egziste deja yo sèvis ki nesèsè yo. Ansanm ak pwojè sa yo, Episri a ak tout Flanigan Square pral ede amelyore kominote anba lavi la pandan y ap ankouraje kwasans ekonomik pou Vil la ak tout rejyon an pou ane k ap vini yo."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Nou fyè pou nou fè patenarya yon lòt fwa ankò ak Compassion Coalition pou elaji sèvis yo nan Flanigan Square, ki pral ede kominote a ak pi bon aksè ak manje bon mache, ki an sante. Nou pa ka tann fini pwochen faz Flanigan Square la ak revitalizasyon li pral pote nan katye a."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominotè ak Lojman (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York, te deklare,** "Tout Nouyòkè merite aksè ak lojman abòdab ak bon jan kalite manje ki gen yon pri rezonab. Avèk 200 apatman, ki gen ladan 37 abòdab, ak resous tankou Bargain Grocery, transfòmasyon Flanigan Square pral yon modèl pou revitalizasyon kominote a. Mèsi Gouvènè Hochul ak tout patnè gouvènman nou yo paske w ap trase wout la nan inisyativ enpòtan ki fè fanmi yo avanse."

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare,** "Investisman Eta a nan Bargain Grocer nan kominote Troy la apiye sou angajman Gouvènè a pou ranfòse sistèm alimantè lokal la, sipòte fèmme nou yo, epi ogmante aksè a manje ki bon pou sante ak nourisan pou tout Nouyòkè yo, sitou sa ki nan zòn ki pa gen jwenn ase sèvi yo. Nonsèlman magazen Bargain Grocer pral bay fanmi ki nan katye a opòtinite pou yo achte manje yo ka santi yo byen lè yo manje, ak nan anpil ka manje ki soti nan men kiltivatè lokal yo, men yo ap tou abòde gaspiyaj manje. Felisitasyon pou Bargain Grocer ak Kowalisyon konpasyon pou ekspansyon sa a nan Rejyon Kapital la."

**Fondatè ak Prezidan First Columbia, Kevin Bette, te deklare,** "First Columbia gen onè pou l travay avèk Empire State Development sou pwojè transfòmasyon Flanagan Square 75 milyon dola sa a, ki gen ladann lojman pou itilizasyon mik, devlopman komèsyal ak Bargain Grocery, yon makèt san bi likratif ki gen yon misyon pou adrese ensekirite alimantè nan North Central Troy, youn nan katye ki pi an detrès nan Rejyon Kapital New York la. Finisman konstriksyon Bargain Grocery a se yon referans enpòtan pou atenn. Nou pa te kapab fè li san anpil patnè prive ak piblik nan kominote a. Nou toujou ap chèche plis patnè pou rantre nan efò sa a. Ann kanalize enèji nou sou fason pou nou rezoud pwoblèm ensekirite alimantè a."

**Fondatè ak PDG Compassion Coalition ak Bargain Grocery, Mike Servello, te deklare,** "Nou kontan nouvo opòtinite sa a pou n sèvi zanmi ak vwazen nou yo nan Troy ak Rejyon Kapital la atravè Bargain Grocery ak Compassion Coalition. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak tout bon moun ki sèvi nan Gouvènman Eta New York epi ki te yon gwo sipò pou fè sa vin yon reyalyte."

**Senatè Eta Jake Ashby, te deklare,** "Pwojè Devlopman Flanigan Square la gen pou wè ak satisfè bezwen kritik kominote a- plis lojman, plis aktivite ekonomik, ak plis manje nourisan ki aksesib. Mwen kontan akeyi Bargain Grocery nan distri nou an, epi mwen anvi sipòte misyon Compassion Coalition pandan y ap elaji nan Rejyon Kapital la."

**Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare,** "Pote makèt abòdab nan Anba Lavil Troy non sèlman amelyore aksè ak manje pou rezidan ki bezwen li, men tou bay yon opsyon mache pou rezidan aktyèl ak fiti yo. Mèsi a Empire State Development ak Gouvènè Hochul dèske w sipòte kwasans ak devlopman kontinyèl Vil Troy."

**Majistra Troy la Carmella Mantello, te deklare,** "Bargain Grocery ak devlopman Flanagan Square la pral ede transfòme katye ak vil North Central nou an. Bargain

Grocery pral adrese yon dezè manje ak bezwen kritik nan zòn sa a, ansanm ak lojman pou granmoun aje ki nesèsè anpil. Gras a patenarya Gouvènè Hochul ak First Columbia ansanm ak finansman ARPA vil nou an, mwen kontan wè pwojè sa a reyalize."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)